



# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



## **Mesaj Akademi Kreyòl Ayisyen nan okazyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti kreyòl, oktòb 2019**

Konstitisyon 29 mas 1987 la, nan atik 5 li ki bay kreyòl estati lang ofisyèl, deja tabli yon bèl kad legal pou lang kreyòl la layite kò li san baboukèt sou tout teritwa nasyonal ayisyen an, nan tout dimansyon lavi nasyonal la, fòmèl kou enfòmèl.

Ant sa lalwa di ak reyalite a toujou gen distans. Men, se chak jou distans yo ap diminye. Soti 1987 pou rive jounen jodi a, nou kapab konstate kominikasyon nan medya, sou rezo sosyal fèt pifò an kreyòl, men anpil travay rete pou fèt toujou. Se nan sans sa a, Akademi Kreyòl Ayisyen chwazi kòm tèm selebrasyon Jounen Entènasyonal lang ak kilti Kreyòl 2019 la: *“An nou sèvi ak lang kreyòl nou nan pale, nan lekti, nan ekriti”*. Se yon fason pou li envite Administrasyon piblik kou prive, lekòl tankou inivèsite pou yo bay lang kreyòl la plas li merite nan aktivite yo. Sa se yon gwo defi pou nou tout e nou tout dwe pote kole nan batay la. Se pou chak Ayisyen jwenn tout dokiman legal, administratif oubyen ofisyèl nan lang kreyòl la. Sa vle di, soti nan senp papyè tè a, batistè, estrè achiv, fòmilè enskripsyon yo, fich tranzaksyon labank ak lòt enstans pou rive nan dokiman tankou pwopozisyon lwa, liv lekòl ak liv syantifik yo.

Tèm 2019 la se yon rapèl pou rafrechir memwa tout moun sou sa ki dwe fèt pou nou menm, pèp ayisyen, ki se pi gwo popilasyon kreyolofòn nan lemonn, pou nou jwi dwa lengwistik nou san nou pa konplekse.

Tankou tout pèp ki granmoun tèt li, pèp ayisyen dwe jwi dwa lengwistik li, ki se yonn nan pi gwo dwa yon pèp. Istwa pèp ayisyen ak istwa lang kreyòl la makònen bradsou bradsa. Sèvi ak lang kreyòl la nan tout aktivite nan lavi nou pale, nan lekti ak nan ekriti se louvri posibilite pou lang sila a, ki se prensipal mwayen kominikasyon pèp ayisyen an, kontinye vale teren, kit se nan domèn lasyans, nan literati, nan teknoloji, nan lajistis, nan ministè yo, elatriye.



Repiblik Aviti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



28 Oktòb 1983 – 28 Oktòb 2019, sa fè 36 lane depi pèp kreyolofòn yo ap selebre bèl patrimwàn lengwistik epi kiltirèl kreyòl la. Pou okazyon an, ane sa a, Akademi Kreyòl Ayisyen ap ankouraje ekri nan tout domèn, lasyans, literati ; li ap ankouraje mezon edisyon yo... kontinye ekri epi louvri baryè pou pwodiksyon nan lang kreyòl la. Akademi an kwè tout kategori moun nan sosyete ayisyen an kapab antre nan dinamik travay pou devlopman lang kreyòl la: responsab bibliyotèk yo, lekòl, legliz, inivèsite, òganizatè kiltirèl ak literè yo, san bliye a ògan piblisite yo. Nou tout kapab kreye plis plas pou lang kreyòl nou an pandan n ap sèvi avèk li nan pale, nan lekti ak nan ekri.

Lekti ak ekri se kòkòt ak figawo. Se pase pran mwen m a pase chèche ou. Plis gen moun k ap li kreyòl se plis n ap wè nesite pou nou pwodui plis liv pou moun li nan lang kreyòl. Plis n ap li kreyòl se plis vokabilè nou ap rich nan lang kreyòl pou nou esprime panse nou ak entansyon nou lè n ap pale.

Move pas difisil peyi nou an ap travèse depi de (2) mwa fè Akademi Kreyòl Ayisyen pa ka selebre kòm sadwa Mwa lang ak kilti kreyòl 2019 la jan li toujou fè sa chak ane. Sepandan, nou resevwa fidbak pozitif sou aktivite dyaspora ayisyen an nan plizyè vil Etazini, nan Kanada... ki pa janm kite okazyon selebrasyon mwa kreyòl la pase nan silans ak endiferans. N ap felisite yo pou bèl devouman sila a ki moutre fyète yo nan leve pi wo eritaj lengwistik ak kiltirèl kreyòl la. N ap savalouwe tout moun, tout enstitisyon nan peyi Ayiti ki fè kichòy pou selebrasyon lang ak kilti kreyòl la malgre sitiyasyon an difisil la nan Kenskòf, nan Okap... Akademi an envite nou kontinye sèvi ak lang kreyòl nou nan pale, nan lekti ak nan ekri.

Nan okazyon selebrasyon sa a, AKA ap fè yon konsta. Li poze yon kesyon, li ap fè yon demann.

**KONSTA:** Lwa kreyasyon Akademi Kreyòl Ayisyen an di : “ Fò Akademi an fè tout sa ki nesèsè, pou Ayiti jwe wòl li kòm lidè nan monn kreyolofòn nan. Sa vle di: Ayiti se motè Kreyolofoni. Lang kreyòl Ayisyen an rive anpil kote nan lemon, nan anpil inivèsite, nan anpil peyi sou latè. Nan peyi etazini se youn apre lòt, inivèsite yo ap antre kreyòl la nan pwogram yo. Nan peyi Lachin gen inivèsite ki



Republik Aviti

# AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



ansye lang Kreyòl ayisyen an nan kourikouloum yo. Kreyòl la rive Nouyòk, kote li ofisyèl ni nan vil Nouyòk, ni nan Eta Nouyòk. Li rive nan chat vil Monreyal. Lame peyi vwazen sèvi avè l, yo anseye l bay militè nan lame. Peyi Chili fè menm bagay pou yon kò nan lapolis lakay li. An nou travay, Ayisyen isit tankou nan dyaspora, pou nou fè kreyòl ale pi lwen.

**KESYON:** Kilè lang kreyòl la ap sèvi tout bon vre pou Pèp Ayisyen an jwenn tout sèvis nan lang li, nan peyi li, nan tout administrasyon piblik yo, nan Leta, kou nan prive? Li lè pou tout dokiman ofisyèl peyi a nan lang peyi a : Im nasyonal peyi a, tout mesaj y ap bay popilasyon an, nan lekòl, nan lasante, nan medikaman moun achte, nan fòmasyon anplwaye sèvis piblik yo, nan tout sèvis nan sosyete a, nan lajistis, nan tribinal, nan batistè, nan lisans pou kondi machin, nan afich nan lari, nan transpò, nan avyon, nan tout avyon k ap vini nan peyi a, k ap kite peyi a, osinon k ap vole andedan peyi a, nan tout machandiz k ap vann andedan peyi a, nan fich imigrasyon, nan fich ladwan, nan bank yo, nan pwogram k ap pase nan radyo ak nan televizyon, elatriye.

**DEMANN:** Akademi Kreyòl Ayisyen mande tout Ayisyen, fanm kou gason, kèlkeswa kote nou ye, jou 28 oktòb 2019 la, **POU NOU PALE KREYÒL, EKRI KREYÒL**, depi moun ki anfas ou a ka konprann ou, sèvi ak lang kreyòl ou.

Pou nou fini, Akademi Kreyòl Ayisyen swete nou tout Ayisyen « Bon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl, bon jounen 28 Oktòb »

Pòtoprens, 28 oktòb 2019